Chirongwa chekubatsira nezvekurimisa (FISP) muZimbabwe

Ruzhinji rwevagari vomuZimbabwe runoraramiswa nekurima. Zvisinei, kurima zvekudya kwanga kuchiderera zvishoma nezvishoma mumakore achangobva kudarika aya. Izvi zvakonzera kushomeka kwezvekudya, uye pakazosvika gore ra2009, vanhu vanoda kusvika mamiriyoni 5 vairarama nekupiwa rubatsiro rwezvekudya. Muna 2016 hurumende yakazivisa zviri pamutemo kuti nzara yadzika midzi nemhosva yekusanaya zvakanaka kwemvura.

duduecoelho.com

- Muna 2009, hurumende yeZimbabwe yakaparura chirongwa chekubatsira varimi nezvekurimisa, zvichiita kuti varimi vekumaruwa nevarimi vachiri kusimukira vakwanise kutenga saga refetireza rinoita makirogiramu 50 nemari inokwana US$ 7.00, mbeu yechibage nemhunga nemari iri pasi peUS$ 1.00 pakirogiramu.

- Muna 2012, hurumende yakaparura chirongwa chekupa mapepa ekuwanisa zvekurimisa che **Agricultural Input Support Programme (AISP)**, nechinangwa chikuru chekuita kuti pave negoho riri nani, pave nezvekudya zvakakwana, vanhu vagarisike uye vawane mari kubva mukurima.

african centre for biodiversity

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156